Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 42-43 (7547)
27 октябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

РДялъул Правительствалда

## I00 миллион – рагъулал ишазе



Дагъистаналъул Правительствоялъ I00 млн. гъурущ гIарац биччан буго Оборонаялъул Министерствалъе хIажатал жал росиялъе. Гьелъие республикаялда бихьизабун буго хасаб органги. Гьелъ хIажатаб оборудование босизе буго СВОялъе, нормативиял актазул реестралда лъураб распоряжениялда рекъон.

ХIажатабщинаб босулеб органлъул лъугьана «Центр обеспечения деятельности по гражданской обороне, защите населения и территории РД от чрезвычайной ситуации». Гьеб хIалтIула балагьал ишазда цIуниялъул Министерствалъул нухмалъиялда гъоркь. Резервалъулаб фондалдасан МЧСалъул Централде кьуна I00 млн. гIарац.

Росизе ругел жалазул списокалде ккана ишалъе рихьизарулел жал; безпилотникал, электроника, къаси бихьулел приборал, тепловизорал, запчасталгун автотранспорт, обмундирование, снаряжение, медицинаялъул препаратал ва хIажатал жал, гигиеналъул жал, квание продуктаби, бакIал раялъул материал ва инструментал.

## ЦIияб призыв – 1 ноябралда



Гьал къоязда букIана республикаялъул призывнияб комиссиялъул данделъи. Гьеб бачиналъе нухмалъи гьабуна С. Меликовас. Къойил темаялда аслияб суал букIана хасалихъе заманалда РДялдасан рагъулал ишазде гIадамал ритIиялъул.

Президентасул Указалда рекъон призыв букIине буго 2022 соналъул I ноябралдаса нахъе. Гьенибго балагьана призывалъул кампание унаго территориалиял рагъулал управлениязул, исполнительнияб власталъул, бакIалъулаб самоуправлениялъул ва ихтияр цIунулел органазул хIалтIул иналъухъ.

Дагъистаналъул рагъулав комиссар Д. Мустафаевас доклад гьабуна комиссиялъ гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ. Б-С. ХIамзатовас бицана республикаялъул БетIерасул хIаракталдалъун рагъулезе техникаялъул цIияб партия кьеялъул. Гьес тIадчIей гьабуна морпехотабазе, ай I36 разведовательнияб батальоналъе, I02 батIаго бугеб бригадаялъе, гьединго Росгвардиялъул территориалияб управлениялъе квадракоптерал кьунин.

Районалъул администрациялда

## Штаб хIалтIулеб буго



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон Унсоколо районалда хIалтIулеб буго Украиналда унеб спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназул гIадамазе кумек гьабиялъе штаб. Гьелъ хIалтIи гьабулеб буго ТIолгороссиялъул «Мы вместе»,-абураб халкъияб фронталъул багъа-бачария лъул рамкаялда жаниб.

Штабалъул бищунго кIвар бугеб масъала ккола спецоперациялде гъорлъе арал гIадамазул хъизаназе кумек гьаби. Штабалъе нухмалъи гьабулеб буго «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас, гьез жаваб кьола гьеб ишалъе гIарац бакIариялъул, гьелде росун продуктаби кколезухъе щвезабиялъул. Рагъулав комиссарасул специалистазгун росабазул бутIруз, гьединго социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз, волонтераз ва цогидалги кколеб-толелъул ургъел бугел гIадамаз балагьула гьеб ишалъе информация.

Рагъулъ хъулухъ гьабулезул ва гьезул хъизаназул хIакъалъулъ ахIизе бегьула гьаб номералде: **тел. 89898820452,** Федералияб хехаб ахIиялъул телефоналъул буго **8800 200 34II** номер.

Штаб рагьун буго гуманитарияб кумек гьабизе бокьаразеги. Гьелъ хIалтIи гьабизе буго гьоркьоса къотIизе течIого.

Баракатаб моцIрол хIурматалда

## Ансадерил мажлис



ТIадегIанав Аллагьасе бищунго хирияв МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) жанив гьавураб хирияб мавлидалъул моцIалъул хIурматалда МахIачхъалаялъул ГIиса аварагасул цIаралда бугеб рухIияб Централда араб рузман къоялъ мажлис тIобитIана Унсоколо районалъ. Гьеб сордоялъ кIудияб мажгиталъул бащадаб рахъ цIун букIана мажлисалде рачIараз. ГIахьаллъаразе квен хIадуризе Унсоколо росулъа ун рукIана ясли-ахазул хIалтIухъаби – руччаби. РикIкIен гIемерал гIадамал данделъараб мажлисалда щивасе садакъаде кьолеб букIана бухIараб плов жанибе бахъараб тIагIел, цIибил, гIеч, кукам, лъел шиша, банан, чамастанк. Гьеб сордоялъ мажлисалда гIахьаллъаразул къадар 1000 чиясдаса тIаде ун букIун батизе бегьула.

**(Ахир 6 гьумералда)**

Цояб бох цIоролаб, цояб цIадулаб,
Гьереси сверулеб буго ракьалда.
Кинан цIер чIвачIого хутIарал ракIал,
Кин цIаялъ рухIичIел гьал нилъер чурхдул.

Цояб квер цIоролаб, цояб цIадулаб,
РитIухълъи сверулеб буго ракьалда,
Гьелъ роркьулел руго цIороральракIал
ЦIорозе гьарула гьерсилал ракIал.

# «Дун хехго тIагIине вачIарав гуро...»

## Лъабабилеб бомба

Рагъул ахир букIана,
Лъабго бомбаги босун,
Япониялде ана
Американал роржун.
ТIоцебесеб бомбаялъ
БухIана Хиросима-
Хваразул рагIад дида
Дирго гурищан ккана.
КIиабилеб бомбаялъ
ЧIинтIана Нагасаки,-
ЧIваразул рахъу дида
Дирго гурищан ккана.
Лъабабилеб, ахираб
Бищун хIинкъараб бомба
ГIадамал данделъараб
Дунялалде рехичIо.
Нух къосунищ лъаларо,
Къо накIкIалъищ бахчараб,
Ялъуни летчикасул
Намусалъищ гьукъараб?
РехичIо гIаламалде
ГIажалалъул аздагьо,
Амма буго жеги гьеб
Жакъаги хIинкъи кьолеб.
Хиросима, щиб жо гьеб?
Нагасаки, щиб жо гьеб?
Гьелде ирга щванани,



Щущазе бугин дунял!
Гьеб ахирияб бомба
Ахир буго гIумрудул,
ГIадамаз лъимал руго



ХIинкъадго данде къалел.
ХIалхьи биччалеб гьечIо
Лъабабилеб бомбаялъ,
Балагьун буго Москва,
ГIенеккун буго Париж.
Рохъдолъан баккун буго
АхIдолеб Хиросима,
Квералги цере рорхун
Гьардолеб буго гIакъло.
Лъабабилеб бомба гьеб
Лъабабилеб рагъ буго,
Хваразул рагIадазул
Ругъназул дунял цIураб.



Гьаб соналъул 8 сентябралда 99 сон тIубана Дагъистаналъул ва Дунялалъул кIудияв поэт Р. ХIамзатов гьавуралдаса

## Эбел, дуца щибан гьалда абилеб?

Эбел, дуца щибжо гьалда абилеб:
Цо пуланаб къоялъ дуда абуни,
Дур васас бадиса бадив инчIого
Балъгого нахъаса речIун чи чIванин?
Дур васас тIубараб къоялъ веццарав
Къаси макьил ригьда гьоркье реханин?
Дур васас рештIарав гьоболгун гьудул
Гьез мугъ рехарабго хадув кананин?
Гьедин дуда, эбел, абун хадуса
Абе гьаракь борхун, гьереси бугин,
Дагъистанияца гьеб харбидаса
Хвел тIаса бищулеб васасда лъалин.
Тушман ватаниги хIорихъ чвердолев
Гьев къватIив вахъанин, нахъа вагъилин,
Вагъилин бадиса бадиведи ун,
Бащадасде данде бащадав гIадин.
Амма букIаниги, дунял хисунищ,
Дир хирияй эбел, унтун буго ракI.
Гьанже гьудулзаби ратIа гьаризе
БетIер чанго нухалъ бекизе ккола.
Гьединги лъаларо. Лъица щив, унго
Иргаялда гьоркье рехулел ругел?
Бадир гьим-гьидула, дида лъачIого,
РечIчIулеб батула мугъзалъ, гьванщида.
Веццун гьедарула, дун кьижаравго
КьабгIулеб батула дир бетIералда.
Кьалулъ хвезе цадахъ рукIарацаги,
Цо хинкIалъе гIоло лъазабула хIал.
ЦохIо гьадринисан кванаралгицин,
Квартиралъе гIоло данде рагъула.
Эбел, чамав арав гIайиб лъачIого
Лъица речIчIарабан лъазе кIвечIого.
КигIан тамихI бугеб такъсир цIехечIеб,
Тохлъукье рукъалда гьураб цIа гIадаб.
Гьаримаб чан буго рохьоб свердулеб,
СихIирав чанахъан вуго балагьун.
Маккал рештIун руго магъилъа гIурда,
ГIаздалъ гьинал руго гьезда лъаларел.
Эбел, щибжо дуца гьалда абилеб?...
Унтун буго керен, кинаб гьаб дунял? –
Чанахъанлъунги чи, чанлъунги гIадан,
ГIадан миккилъунги, гIадан гьинлъунги…

## Лъалхъе, гьудул

ГIедегIуге, гьудул, ворчIарав мехалъ,
ВачIинахъе вахъун мун хехдаруге,
Тамахаб бусада сардилъ бихьараб
Дурго макьуялъул цин хIисаб гьабе.
Партал ретIиналде гордоги къирун
КъватIиве валагье, гьава кин бугеб?
ЦIадищ балеб бугеб, гIазуйищ бугеб,
Я гIагараб рокъоб бакьищ щун бугеб?
Сапаралъ унелъул тIад магIарул чи
Чода рекIунаро росу тезегIан.
Гьев чуги хадуб цIан уна хиялалъ
Хадув дагьав лъалхъун балагьула нахъ.
Нилъеца гIедерал чапараз гIадин,
Чодул хьалбал бохдуз руго рухулел.
Бида бецIулаго нилъер гIаларча
ГIассияб кIкIалахъе буго кIанцIулеб.
Я гIурумухъалда, я ахил рагIдукь,
Я авлахъалда нилъ гьечIо лъалхъулел.
Росабалъ бертинищ, чи хунищ вугев?
Хабар цIехечIого руго ртулел.
ГIор бахараб мехалъ абулеб рагIи
Гьелде бер чIвалелде буго абулеб.
МугIрузул тIарада тIамулеб бакъан
Ахада рукIаго буго бачунеб.
ГIедегIуге, гьудул, гIедегIун хъварал
ГIемерал рухIанин нилъеца кучIдул,
Бекун хадуб ккола квераца бетIер,
«Кибе балагьун мун букIарабилан».
Нилъеца нилъер хур цебесан гуро,
Цере-цере кIанцIун лъилъана, гьудул.
Ва гьоркьго хутIарал тIорал киниги,
Камуна, тIагIана нилъер гIемер чи.
Нилъеца гIедегIун кьуна орденал,
Кьурал рахъизеги гIедегIана нилъ.
ЧагIи рорхизеги, гьел рехизеги
Рорханщинал кверал кигIан хIанчIарал.
ХIукмаби хисана гвадичал гIадин,
Героял кьакьана гьерсилал мацIаз.
КигIан нилъер хадуб ракI бахъаниги
Хварал вацал нилъер рахъунел гьечIо.
КигIан гьел рукIарал цIар бугел васал –
ЦIелъги лъун рухIарал тушбаби абун.
ЦIар нилъеца гьезул гьабуна хвасар,
ХвасарлъичIо жалго, гьечIо жакъа гьел.
Дун къулун хьвадеян абулев гуро,
Гали цебе лъезе хIинкъарав гуро,
Диеги бокьула гьугъайгин пири,
Панаяб августалъ чвахун балеб цIад.
Дунги гIемер ана хъахIлъи лъалаго
Лъадул кверги босун нуха сапараз.
Амма аби буго цIоралъул чанцин
ЦIодорго кьижулин цояб бер рагьун.
ГIедегIуге, гьудул, гIедегIарасул
Жибго чу бачIуна тIад чи гьечIого,
Яги чи вачIуна буртиналда лъун,
КьотIараб бетIерги байдабазда тун.
ГIетIулъ росун руго нилъер айгъирал, -
Умумуз малъухъе дагьалъ лъалхъизин.
Нахъе балагьизе тараб нухалъухъ,
Цере ралагьизе толеб нухалъухъ.

## Микьмохъилал кучIдул

* * *

Гьаб дир лагаялъул гьетIараб гьотIол
Пандур гьабе къотIун, дир магIарулал.
Гьелда бай кIиго чIва, кIиго дир рокьи,
Рокьулел мугIрузде ва гIаламалде.
Дир гьинал ракIалъул гьал асаразул
КIиго бакал гьабе, дир гьудулзаби,
Цо Дагъистаналъул рахъалъан борхе,
Цояб дунялалъул рахъалъан борхе.

* * *

АхIулел кучIдулги, чIвалел хъаталги
Гьабулеб рецц-бакъги, балеб медальги,
Сверухъ рохел, гьими, гьав кIигояв щив
КIалъачIого къварид дихъ балагьарал?
Цо вас хIатIидгIицIго цеве вачIана,
Дун мун вукIанила кIочон тоге,-ян;
КIиабилев херас гIанса бихьана,
ГIемер мех инарин, гьале дур чуян.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 42-3 (75447)
Хамиз
20 октябрь 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

Индекс 368950 РД, Унцукульский район, пос. Шамилькала, ул.М.Дахадаева,3 тел.55-64-85e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**

от «15» октября 2022 г. № 146

## Об уточнении перечня и границ избирательных участков, участков референдума, образованных по территории муниципального образования «Унцукульский район»

В соответствии с подпунктом «б» пункта 2.1 статьи 19 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права по участие в референдуме граждан Российской Федерации» по согласованию с Территориальной избирательной комиссией муниципального образования «Унцукульский район»,Администрация муниципального образования «Унцукульский район», постановляет:

1.Уточнить перечень и границы избирательных участков, участков референдума, образованных постановлением Администрации муниципального образования «Унцукульский район» от 10 января 2012 г. № 1 «Об образовании избирательных участков для проведения выборов Президента Российской Федерации», утвердив их в новой редакции (прилагается).

3.Постоящее постановление опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте Администрации муниципального района «Унцукульский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

**Глава МО**
**«Унцукульский район»** **И. М. Нурмагомедов**

Приложение
Утвержден
постановлением Администрации
МО «Унцукульский район»
от 15.10.2022 №146

## Перечень и границы избирательных участков, участков референдума, образованных по территории муниципального образования «Унцукульский район» для проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума

| № п\п | № изб. участка | Адрес помещения для голосования/адрес места похождения участковых избирательных комиссий до дня голосования (далее – адрес УИК) | Описание границ избирательных участков |
|---|---|---|---|
| 1 | 1463 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Аракани, пл. Абдурахмана Магомедова, д. 2 (здание Центра культуры и досуга Администрации сельского поселения «сельсовет Араканский») | в границах домов №№1-10пл. Абдурахмана Магомедова домов №№ 1-2 по ул. Магомеда Нурмагомедова<br>дома № 1по ул. Саида Араканского |
| 2 | 1464 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Аракани, ул. Гаджи Мирзоева по территории фруктового консервного завода (условными номерами помещения фруктового консервного завода не обозначены, в том числе помещение в котором располагается избирательный участок) | в границах домов №№13-21 поул. Гаджи Мирзоева |
| 3 | 1465 | Республика Дагестан, Хасавюртовский район, прикутанное хозяйство МУП «совхоз Араканский» (в данном прикутанном хозяйстве не имеется наименование улиц и условные номера домов) | в границах домов 1-3 |
| 4 | 1466 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ашильта, ул. Багадура Малачиханова, д. 6 (здание Администрации сельского поселения «село Ашильта») | в границах домов №№1-41 по ул.Багадура Малачиханова<br>домов №№ 1-63 поул. Имама Шамиля<br>домов №№ 1-34 по ул. Гази Ашильтинского<br>домов №№ 1-45 по ул. Имама Газимагомеда<br>дома №№ 1-72, походящиеся по ул. Малачи Амирханова<br>домов №№ 1-65 по ул. Мухаммада Абдулгафурил<br>домов №№ 1-30 поул. Саида АфандиЧиркейского<br>домов №№ 1-44 по ул. Саида Мухаммада-хаджи Абубакарова |
| 7 | 1469 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Гимры, ул. Имама Шамиля, д. 138 (здание МКОУ «Гимринская СОШ») | в границах домов №№ 1-25 по ул. Садовая<br>домов №№ 1-96 по ул. Мусы Балаханского<br>домов №№ 1-27 по ул. Мусал Адалава;<br>домов №№ 1-23 по ул. Речная<br>дома №№ 1-49 по ул. Победы<br>домов №№ 1-24 поул. Имама Гази-Магомеда<br>домов №№ 1-10 по ул. Имама Хамзат-бека<br>дома №№ 1-10по ул. Имама Шамиля<br>домов №№ 1-192 поул.Магомеда Устара<br>домов №№ 1-102 п оул. Мухаммада Яргского<br>домов №№ 1-41 по ул. Школьная |

Продолжение на 4 странице)

# Перечень и границы избирательных участков, участков референдума, образованных по территории муниципального образования «Унцукульский район» для проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума

| № п\п | № изб. участка | Адрес помещения для голосования/ адрес места похождения участковых избирательных комиссий до дня голосования (далее – адрес УИК) | Описание границ избирательных участков |
|---|---|---|---|
| 8 | 1470 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Гимры, ул. Имама Шамиля, д. 138 (здание МКОУ «Гимринская СОШ») | в границах домов №№57-170 поул. Имама Шамиля<br>домов №№1-7 поул. Имама Шамиля тупик<br>домов №№1-8 по ул. Имама Шамиля переулок-7<br>домов №№1-13 по ул. Имама Шамиля переулок-8<br>домов №№1-7 по ул. Имама Шамиля переулок-9<br>домов №№1-8 по ул. Имама Шамиля переулок-10<br>домов №№1-12 по ул. Имама Шамиля переулок-11<br>домов №№1-128 по ул. Абдула Хаджи<br>домов №№1-20 по ул. Абдула Хаджи переулок-1<br>домов №№1-26 по ул. Абдула Хаджи переулок-2<br>домов №№32-59 по ул Рамазана Хаджи |
| 9 | 1471 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Гимры, ул. Магомеда Айгунова, д. 8 (здание МКОУ «Гимринская поселковая СОШ») | в границах домов №№1-128 поул. Магомеда Айгунова |
| 10 | 1472 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. Имама Шамиля, д. 64 (здание Администрации сельского поселения «село Ирганай») | в пределах границ домов №№ 1-116 по ул. Имама Шамиля<br><br>домов №№ 1-61 по ул. БалалМухамада<br>домов №№1-26 по ул. ДибирАлимагомеда<br>домов №№ 1-42 по ул. Ахбердил Мухаммада<br>домов №№ 1-40 по ул. Имама Хамзата<br>домов №№ 1-27 по ул. Мусы Балаханского<br>домов №№ 1-47по ул. Имама Газимагомеда<br>домов №№ 1-24 поул. Мухаммада Абдулгафурил<br>домов №№ 1-49 по ул. Саида Афанди<br>домов №№1-21 по переулку Саида Афанди<br>домов №№ 1-9 потупике Саида Афанди |
| 11 | 1473 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. АбдулахаджиИрганайского , д. 1. (здание ФАП) | в границах домов №№ 2-129по ул. Абдулахаджи Ирганайского |
| 12 | 1474 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Иштибури, прикутанноехозяйство МУП «Иштибури» в Бабаюртовской зоне отгонного животноводства | в границах прикутанногохозяйства «МУП Иштибури» |
| 13 | 1475 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Колоб, прикутанное хозяйство МУП «М.Горький» в Хасавюртовской зоне отгонного животноводства | в границах прикутанногохозяйства МУП «М.Горький» |
| 14 | 1476 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с.Иштибури, ул.МагомедзагидаГимбатова, 57 (здание администрации сельского поселения «сельсовет Иштибуринский» | в границах домов 1-56 по ул. Магомедазагида Гимбатова |
| 15 | 1477 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Инквалита, ул. Гамзата Исрапова, 9 (здание библиотеки)<br>Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Колоб, ул. СурхаяКолобского, 18 (Центр культуры и досуга) | в границах домов1-10 по ул. Гамзата Исрапова |
| 16 | 1478 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Колоб, ул.Сурхая Колобского, 18 (Центр культуры и досуга) | в границах домов 1-45по ул.СурхаяКолобского |
| 17 | 1479 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Кахабросо, ул. АбдурахманаАлискандиева, 12 (здание администрации сельского поселения «сельсовет Кахабросинский») | в границах домов 1-77 поул.АбдурахманаАлискандиева<br>домов №№ 1-38 по ул. Махмуда из Кахабросо<br>домов №№ 1-38 по ул. Магомеда Чупанова<br>домов №№ 1-39 по ул.ДарбишмагомедаДадаева<br>домов №№ 1-36 по ул.АбдулманапаАбдулманапова<br>домов №№1-6 по ул .Бетлинского, с. Бетли |
| 18 | 1480 | Республика Дагестан, Унцукульский, с. Майданское, ул. Имама Газимухаммада, д. 2 (здание Администрации сельского поселения «сельсовет Майданский») | в границах домов №№1 -16 по ул. Мира |
| 19 | 1481 | Республика Дагестан, Унцукульский, с. Майданское, ул. Али Алиева, д. 6 (здание МКОУ «Зиранинская СОШ») | в границах домов №№1-59 (неч. ном.)и 2-58 (чет. ном)по ул. имени –Абулгасапова домов №№ 1-41 (неч. ном.) и 2-48 (чет.ном)по ул. имени-имама Шамилядомов №№ 1-79 (неч. ном) и 2-56 (чет.ном) поул. имени Мухаммад-Устара домов 1-15 (неч. ном.) и 2-24 (чет.ном) поул. имени Сайидмухаммада Абубакаровадомов №№ 1-19 (неч. ном) и 2-34 (чет.ном) по ул. имени-Мусалава из Кудутлядома №2 по ул. имени-Магомеда Асхабалиевадомов №№ 1-5 (неч. ном) и 2 по ул. имени- Саида Араканского домов №№1-5(неч. ном.) и 2, 4 поул. имени –имама Газимухаммададомов №№ 1, 2, 3, 4, 6 поул. имени –Махмуда из Кахабросодомов №№ 1-15 (неч. ном.) и 2-8 (чет. ном) по ул. имени –генерала М. Танкаевадомов №№ 1 по № 5поул. имени –героя Советского Союза Кади Абакаровадомов №№ 1-13 (неч. ном.) и 2-6 (чет.ном) по ул. имени Алигаджи из Инходомов №№ 1, 2, 3, 4, 6 по ул. имени- Али Алиева 5 кр.чемпиопо мира –домов №№ 1-7 (неч.ном) и 2-22 (чет. ном) по ул. имени-Расула Гамзатова<br>домов 1-9 по ул. имени-Магомеда Гаджиева, героя Советского Союза<br>домов №№ 2-6 по ул. имени-наиба Даниялбека<br>домов №№ 2-6 по ул. имени-мудира Ахбердил Мухаммада |

# Перечень и границы избирательных участков, участков референдума, образованных по территории муниципального образования «Унцукульский район» для проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума

| п\п № | № изб. участка | Адрес помещения для голосования/ адрес места похождения участковых избирательных комиссий до дня голосования (далее – адрес УИК) | Описание границ избирательных участков |
|---|---|---|---|
| | | Республика Дагестан, Унцукульский, с. Майданское, ул. Али Алиева, д. 6 (здание МКОУ «Зиранинская СОШ») | домов №№ 1-7 (неч. ном) и 2-14 (чет.ном) по ул. имени-Багадура Малачиханова из Ашильта домов №№ 1-9 (неч. ном) и 2-6 (чет.ном) по ул. имени-Сааду Алиева, героя Советского Союза<br>домов №№ 1, 2, 3, 4, 6 по ул. имени-Абдулгафурил Мухамада из Батлуха домов №№ 2-40 (чет.ном)и 1-17 (неч. ном) по ул. Побережная<br>домов №№ 1-29 (неч. ном.) и 2-26 (чет. ном.) ул. имени- Мусы Балаханского<br>домов №№ 1-21 (неч. ном.) и 2-32 (чет. ном.) по ул. имени -А.Даниялова<br>домов №№ 1-11 (неч. ном.) и 2-16 (чет.ном.) улица имени-Жамалудина из Кумуха<br>домов №№ 1-21 (неч. ном.) и 2, 4, 6 по ул. имени –имама Мухаммадхаджи Согратлинского<br>домов №№ 1-11 (неч. ном.) и 2-14 (чет. ном.) по ул. имени-МахачаДахадаева<br>домов №№ 1-11 (неч. ном.) и 2, 4, 6 по ул. имени-Балал Мухаммада из Ирганая<br>домов №№ 1-37 (неч. ном.) и 2-16 (чет.ном.) по ул. имени-Саида АфандиЧиркеевского<br>домов №№ 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9 улица имени-МагомедзагидаАбдулмапопова<br>домов №№ 1, 2, 3, 4, 6, 8, 10, 12, 14, 16 по Майданское шоссе<br>домов 1-11(неч. ном.) и 2-20 (чет. ном.) по ул. имени- Мухаммада Ярагского<br>домов №№ 1-25 (неч. ном.) и 2-28 (чет.ном.) по ул. имени – имама Гамзатбека<br>домов №№ 1-17 (неч. ном.) и 2-16 (чет.ном.) по ул. имени-наиба Идриса из Гергебиля<br>домов №№ 1-15 (неч. ном.) и 2-16 (чет.ном) по ул.Койсубулинская<br>домов №№ 1-5 (неч. ном.) и 2-6 (чет.ном.) улица имени – Мухаммад-АминаАсиялова<br>домов №№ 2-10 по ул. имени- шейха –Абдурахман Хаджи Сугури<br>домов №№ 1-7 (неч. ном.) и 2-12 (чет.ном.) по ул. имени – Халилбека Мусаяссул<br>домов №№ 1-11 (неч. ном) и 2-12 (чет. ном.) по ул. имени- имама Нажмудина Гоцинского<br>домов №№ 1, 2, 3, 4, 5, 6, 8, 10, 12, 14, 16, 18 из Кикуни |
| 20 | 1482 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, ул. А.Абдулаева, д. 2А (здание МКОУ «Унцукульская СОШ №1») | в границах домов №№ 1-25 по ул. Орджонекидзе<br>домов №№1-117 по<br>ул. Дахадаева,<br>домов №№ 1-80 по ул. А.Абдулаева<br>домов №№1-34 по ул.М.Унцукульского,<br>домов №№1-9 по ул. М.Нурмагомедова<br>домов №№1-29 по<br>ул. Б.Малачханова<br>домов №№1-60 по<br>ул. Гаджимагомеда Якубова<br>домов №№1-60 по ул.<br>Абдурахмана Гамзата<br>домов №№ 1-60 по ул. Магомеда Гасанова<br>домов №№1-35 по ул.<br>Гвардейская |
| 21 | 1483 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, пл.им.М.Дахадаева, д. 1 (здание Администрации сельского поселения «сельсовет Унцукульский») | в границах домов №№1-37 по ул. С.Абубакарова<br>домов №№1-7 по ул. М.Гусейнова<br>домов №№1-4 по пл. им.М.Дахадаева<br>домов №№1-55 по ул. М.Мустафаева<br>домов №№1-34 по ул. Вугама Тагирова<br>домов №№1-7 по ул. Магомеда Гаджиева<br>домов №№1-34 по ул. Мичурина<br>домов №№1-60 по ул. Партизанская<br>домов №№1-35 по ул.Шейха Ибрагима<br>домов №№1-35по ул. Улуби Буйнакского<br>домов №№1-7 по ул. З.Гаджиева<br>домов №№1-90 по ул. И.Газимагомеда |
| 22 | 1484 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, ул. К. Магомедова, д. 14 (здание МКДОУ «Детсад №2 «Ласточка») | в границах домов №№1-157 по ул. К.Магомедова<br>домов №№1-75 по ул. М.Бербаар<br>домов №№1-81 по ул. М. Балаханского<br>домов №№1-76 по ул. С.Араканского<br>домов №№1-19 по ул. А.Гимринского<br>домов №№1-42 по ул. А.Гацатлинского<br>домов №№1-25 по ул. АбдулаеваИдриса<br>домов №№1-23 по ул. АдабиИрганайской<br>домов №№1-20 по ул. А. ДибировойХалиловой,<br>домов №№1-83 по ул. Комсомольская<br>домов №№1-17 по ул. Чкалова<br>домов №№1-46 по ул. Пушкина |
| 23 | 1485 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, п.Новый Унцукуль, ул.Центральная, д.1 (здание ГБУ РД «Унцукульская ЦРБ») | в границах домов №№ 1-27 по ул. Центральная |
| 24 | 1486 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Харачи, ул. Ражбадина, д. 35 (здание Администрации сельского поселения «село Харачи») | в границах домов №№ 1-124 по ул. Ражбадина |

(Продолжение на 6 стр.)

## Перечень и границы избирательных участков, участков референдума, образованных по территории муниципального образования «Унцукульский район» для проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума

| № п\п | № изб. участка | Адрес помещения для голосования/адрес места похождения участковых избирательных комиссий до дня голосования (далее – адрес УИК) | Описание границ избирательных участков |
|---|---|---|---|
| 25 | 1487 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Цатаних, ул. Магомеда Гимбатова, д. 5 (здание Администрации сельского поселения «село Цатаних») | в границах домов №№ 1-34 по ул. Магомеда Гимбатова<br>домов №№ 1-50 по ул. Магомеда Гунашева<br>домов №№ 1-59 по ул. МагомедхалилаНабиева<br>домов №№ 1-52 по ул. Магомедхана Гасанова |
| 26 | 1488 | Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ново Цатаних, Бабаюртовскаязона отгонного животноводства, ул. Энгельса, д. 11 (здание ГКОУ РД «Новоцатанихская СОШ») | в границах домов №№ 1-82 по ул. Энгельса |
| 27 | 1489 | Республика Дагестан, Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. Мусы Балаханского, офис №7 (здание МКОУ «Шамилькалинская СОШ») | в границах домов №№13, 14, 15 по ул. Мусы Балаханского<br>домов 16, 16 «А», 17, 17 «А» по ул. МахачаДахадаева |
| 28 | 1490 | Республика Дагестан, Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. Мусы Балаханского, 8 «А» (здание МКДОУ «Детский сад №8 «Солнышко») | в границах домов №№ 18, 18 «А», 19 19 «А», 20 по ул. Махача Дахадаева<br>домов №№ 11, 11 «А», 12 по ул. Мусы Балаханского |
| 29 | 1491 | Республика Дагестан, Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. Махача Дахадаева, № 3 (здание клуба МКУ «Центр культуры и досуга» п. Шамилькалы) | в границах общежития блок «А» и «Б», по ул. МахачаДахадаева<br>домов №№ 1, 2, 4, 5, 6, 8, 21, 21 «А», 22, 22 «А», 23 23 «А»по ул. Мусы Балаханского |

Баракатаб моцӀрол хӀурматалда

# МахӀачхъалаялда - ансадерил мажлис





Баркалаялъул кагътал, цо-цо сайгъатал.

Мажлисалда гӀумра бергьана анлъго чиясе, гьелда гъорлъ гӀахьаллъун ругоан мадугьалихъ районаздаса гӀадамалги.

Щивасе тавпикъ кьеги хирияб моцӀ лъикӀал гӀамалалги гьарун нухда регӀизе!



Интересаб куцалда мажлис бачана Централъул хӀалтӀухъан Камилица. Тадбиралда гьаруна гӀолилаз цӀикӀкӀараб пайда босизе бегьулел вагӀзаби, балагьаразе кӀудияб интерес букӀана гӀицӀал квераз маххул чӀорал ва цогидабги кӀичӀизабулев ГӀумар ХӀанапиевасул цевевахъиналъул. Ахиралда букӀана гӀумраялде уназе можоро бахъи. Гьениб бергьун 6 чиясе рес щвана гӀумраялде ине.

Мажлисалда гьеб гӀуцӀаразе, кумек гьабуразе баркала кьун ва гьединал тадбиразул бугеб кӀваралъул бицун кӀалъана «Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов ва тӀаде ахӀарал. Гьез лъикӀаб къимат кьуна мажлис хӀадураразе ва гӀахьаллъизе рачӀаразе. Гьенибго жигарал диниял гӀадамазе кьуна

| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 9. 26. 2022 г.<br>16.00<br>фактически -17. 40 мин.<br>.........................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |
|---|---|---|---|